

Negosyasyon kopare ak Rezolisyon: Sa Fanmi yo Bezwèn Konnnen

Negosyasyon	Rankont nan kad rezolisyon:
Yon moun dwe fè demann pou negosyasyon pa ekri e toulède konsène yo dwe dakò patisipe nan negosyasyon an.	Rankont nan kad rezolisyon an se yon pati obligatwa nan Pwosesis Odyans San Patipri a; yon Pwosesis Plent Nòmal ka anile si paran an pa kolabore ak demach k ap fèt pou l patisipe nan yon rankont nan kad rezolisyon.
Yon moun ka fè demann pou Negosyasyon an ak yon Demann Odyans San Patipri ki aktif, oswa poukонт li.	Yon Rankont nan kad rezolisyon dwe planifye nan espas 15 premye jou apre yon Demann Odyans San Patipri fèt, sof si toulède konsène yo dakò pou Rankont nan kad rezolisyon an pa fèt.
Se Sant Rezolisyon Plent endependan ki pa gen okenn enterè nan dosye a ki planifye 1 e ki jere 1, e yo resevwa fòmasyon nan domèn rezolisyon konfli ak lwa ak pwosedi Edikasyon Espesyal.	Se Responsab Dosye Rezolisyon an ki planifye 1 e ki dirije 1
Negosyasyon an konsantre sou kolaborasyon ak komunikasyon e 1 bay konsène yo posibilité pou yo fè konvèsasyon sou pwoblèm nan yon fason onèt e pou yo travay ansanm pou yo jwenn yon solisyon.	Rezolisyon an konsantre sou sa Distri a vle bay pou rezoud Plent Pwosesis Nòmal la.
Li bon pou plent konsènan evalyasyon, transpò, kad oswa sèvis pou IEP/ IESP elèv ou a oswa lekòl yo mete 1 la.	Li bon pou plent konsènan pèman lajan lekòl, oswa pèman sèvis yo.
Negosyasyon an konfidansyèl, konvèsasyon pandan pwosesis negosyasyon an ka pa pataje pandan Odyans San Patipri a si negosyasyon an pa bay okenn rezulta.	Yo ka pataje enfòmasyon yo bay ak konvèsasyon ki fèt pandan seyans Rezolisyon an pandan yon Odyans San Patipri si rankont nan kad rezolisyon pa bay okenn rezulta.
Antant negosyasyon yo definitif e y ap aplike yo nan tribinal.	Antant rezolisyon yo definitif e y ap aplike yo nan tribinal.



**Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan
negosyasyon, voye yon imel
[nanIHOMediation@schools.nyc.gov.](mailto:nanIHOMediation@schools.nyc.gov)**

**Pou w voye yon demann negosyasyon, voye yon
imel nan [IHOQuest@schools.nyc.gov.](mailto:IHOQuest@schools.nyc.gov)**